

Pou Piblikasyon Imedya: 12/07/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN S6209A/A7797A POU FÈ DWA SIVIL KLÈMAN ENTÈDI DISKRIMINASYON KONT KWAFI OSWA TEKSTI CHEVE KI ASOSYE AK RAS

Gouvènè Cuomo: "Pou anpil tan nan istwa peyi nou an, moun nwa - patikilyèman fanm yo - te sibi majinalizasyon ak diskriminasyon tou senpleman poutèt kwafi yo oswa teksti cheve yo. Lè nou siyen pwojè-lwa sa a pou fè li vin yon lwa, n ap pran yon etap enpòtan pou korije istwa sa a epi pou nou asire moun nwa yo pwoteje kont tout fòm diskriminasyon".

Jodi a Gouvènè Cuomo siyen S.6209A/A.7797A pou vin yon lwa, ki modifiye Lwa sou Dwa Moun ak Lwa sou Diyite pou Tout Elèv pou montre klèman ke diskriminasyon ki baze sou ras enkli kwafi oswa karakteristik ki asosye ak ras.

"Pou anpil tan nan istwa peyi nou an, moun nwa - patikilyèman fanm yo - te sibi majinalizasyon ak diskriminasyon tou senpleman poutèt kwafi yo oswa teksti cheve yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè nou siyen pwojè-lwa sa a pou fè li vin yon lwa, n ap pran yon etap enpòtan pou korije istwa sa a epi pou nou asire moun nwa yo pwoteje kont tout fòm diskriminasyon."

Pwojè lwa la espesifikman chanje seksyon 292 nan Lwa sou Dwa Moun ak seksyon 11 nan Lwa sou Diyite pou Tout Elèv yo pou ajoute nouvo sou-seksyon nan definisyon ras, pou enkli "karakteristik ki istorikman asosye ak ras, ki gen ladan men pa limite a teksti cheve ak kwafi pwoteksyon". Dispozisyon pwojè lwa yo efektif imedyatman.

Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Li pa bon pou w diskrimine kont yon moun poutèt kwafi yo oswa teksti cheve yo, e kounye a li kont lalwa a tou. Nou ta dwe selebre divèsite ki fè Eta New York bon anpil e sa gen ladan respè chwa kwafi tout moun New York yo. Mwen felisite Senatè Jamaal Bailey paske li patwone lejislasyon sa a ke majorite Sena a te fyè pase, e mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li te siyen li pou l vin lwa".

Prezidan Asanble a, Carl Heastie te deklare, "Pa gen moun ki ta dwe fè fas a diskriminasyon nan lekòl oswa nan espas travay, men twò souvan nou wè moun nwa, patikilyèman fanm, yo di cheve yo pa pwofesyonèl oswa pa apwopriye nan anviwònman piblik. Règleman diskriminatwa sa yo kenbe moun nwa yo aleka - kenbe timoun yo deyò salklas yo epi diminye idantite yo. Diskriminasyon sa a pa gen plas li nan Eta New York. Majorite Asanble a ap kontinye goumen pou yo trete chak moun New York avèk diyite ak respè".

Senatè Jamaal T. Bailey te deklare, "Fason yon moun chwazi mete cheve yo ta dwe legalman pwoteje ak sipòte - epi kounye a se konsa li pral ye New York. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li sipòte pwojè lwa sa a ki fè Eta New York yon lidè lè

li gen arevwa ak mete fen nan diskriminasyon rasyal ki baze sou cheve natirèl ak kwafi. Mwen ta renmen remèsye tou Manm Asanble Tremaine Wright, Prezidan Asanble a Carl Heastie ak Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins ak Chèf Pèsonèl ak Konseye Jiridik Shontell Smith pou lidèchip yo. Lè lidèchip la divès, li konprann e li reflekte kominote yo. Mèsi dèske w pwoteje kouwòn nou yo".

Manm Asanble Tremaine S. Wright te deklare, "Antanke yon fanm Nwa ki bay ekite priyòrite, e li ki kite cheve li natirèl pandan 17 ane, pwojè lwa sa a pwofondman pèsonèl pou mwen. Pandan ke m t ap fè yon ti pale ak champion ekite rasyal ak sèks Adjoa B. Asamoah sou pratik diskriminasyon cheve a ki la depi lontan e ki pwoblèmatis, mwen te raple aksyon Manm Kongrè Marcia Fudge te pran pandan manda li kòm Prezidan Gwoup Palmantè Moun Nwa Kongrè an (Congressional Black Caucus) pou konfwonte nouvo règleman lame a te pwopoze pou entèdi kwafi ki t ap dispwopòsyonèlman afekte fanm nwa. Mwen detèmine yon reparasyon lejislatif te sipoze pran plas, epi mwen deside pote Lwa KOUWON lan nan New York. Mwen plis pase fyè pou m te fè sa, e pou New York se premye eta ki te genpwojè lwa istorik sa a pase nan tou de chanm yo. Mèsi espesyal a Prezidan Asanble a Heastie ak Lidè Majorite a Stewart Cousins pou lidèchip yo".

###

Lèt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)